

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi ngeunaan hasil panalungtikan pangaruh basa indung kana tatakrama basa Sunda.

#### 5.1 Kacindekan

Dina ieu bab dipedar dumasar hasil déskripsi jeung analisis data dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun.

- a. Basa indung siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung umumna basa Indonesia nyaéta aya 24 urang (80%), leuwih loba ti batan siswa anu basa indungna basa Sunda aya 6 urang (20%).
- b. Tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung dumasar kana kaweruhna umumna kagolong sedeng anu lobana 11 urang (36,7%), sésana kagolong kurang aya 9 urang (30%), kagolong alus aya 8 urang (26,7%), kagolong alus pisan aya saurang (3,3%), jeung kagolong kurang pisan aya saurang (3,3%).

Ari dumasar makéna, tatakrama basa Sunda siswa téh umumna kagolong merenah aya 15 urang (50%), sésana kagolong biasa aya 12 urang (40%), kagolong kurang merenah aya 2 urang (6,7%), kagolong merenah pisan aya saurang (3,3%).

Ieu hal nuduhkeun yén antara kaweruh jeung makéna tatakrama basa Sunda aya hubungan.

- c. Basa indung kana tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung euweuh pangaruhna sabab antara basa indung kana kaweruh tatakrama basa Sunda siswa jeung antara basa indung kana makéna tatakrama basa Sunda siswa euweuh pangaruh nu signifikan. Tina dua variabel nu dikorélasikeun nuduhkeun yén  $\chi^2$  itung  $\leq \chi^2$  tabél, hartina  $H_0$  ditarima  $H_a$  ditolak.

#### 5.2 Implikasi

Aya sababaraha implikasi tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Sangkan kolot siswa anu cicing ditatar Sunda aya karep pikeun ngagunakeun basa Sunda dina ngajarkeun basa kahiji atawa basa indung siswa.
- b. Pikeun siswa sangkan maké basa Sunda dina komunikasi sapopoéna.
- c. Pikeun ngukur sakumaha kaweruh siswa kana tatakrama basa Sunda sangkan miboga karep ngaronjatkeun kaweruhna kana tatakrama basa Sunda
- d. Pikeun mikanyaho sakumaha kualitas ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa jeung sangkan siswa miboga kadaék ngagunakeun tatakrama sakumaha kuduna.
- e. Pikeun sakabéh lembaga pendidikan sangkan mikanyaho ngeunaan kalungguhan jeung fungsi tatakrama basa Sunda siswa.

### **5.3 Rékomendasi**

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sawatara saran anu hayang ditepikeun ku panalungtik diantarana:

- a. Dipiharep sakabéh pihak sangkan ngarojong kana kamekaran basa Sunda jeung ngaronjatkeun deui kana makéna tatakrama basa Sunda.
- b. Kolot siswa anu pituin urang Sunda jeung cicing di tatar Sunda kudu ngabiasakeun siswa sangkan reueus nalika nyarita maké basa Sunda jeung ngagunakeun tatakrama basa Sunda nu hadé.
- c. Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun tinimbangan pikeun panalungtikan sawandana nu dilaksanakeun ku panalungtik séjén.
- d. Instansi pendidikan utamana guru geus sakuduna merhatikeun deui kana pangajaran nu patali jeung tatakrama basa Sunda siswa sangkan tatakrama basa Sunda siswa hadé tur merenah.